



Pou Piblikasyon Imedya: 27/04/2015

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE 17 KONPAYI AP RANTRE NAN START-UP NY POU KREYE 343 DJÒB ADISYONÈL

***Depi lansman l, 110 Biznis te rantre nan START-UP NY, angaje pou kreye preske 3,150 Nouvo djòb epi investi plis pase \$186 Milyon dola toupatou nan Eta***

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse ke 17 konpayi adisyonèl pral kreye 343 nouvo djòb nan Eta New York atravè START-UP NY. Konpayi sa yo te rejwenn 93 biznis ki te deja ap patisipe nan pwogram sa a, sa ki kreye zòn ki pa gen taks ki asosye avèk kolèj ak inivèsite yo toupatou nan eta.

“Adisyon konpayi sa yo nan START-UP NY reprezante yon enterè enpòtan sektè prive a nan Empire State,” Gouvènè Cuomo te deklare. “New York posede kèk nan pi bon kolèj ak inivèsite nan peyi a e, ansanm avèk aksè a mendèv kalifye nou an, konpayi sa yo pral gen opòtinite pou pwospere nan New York pandan yap kreye plizyè santèn nouvo djòb ak stimile ekonomi lokal yo. Map rete tann pou m wè konpayi sa yo, lekòl kap patisipe yo ansanm avèk Nouyòkè yo toupatou nan eta reyisi grasa inisyativ sa kap grandi.”

Prezidan, PDG & Komisyonè Empire State Development President, Howard Zemsky te deklare, “Pwogram START-UP NY kontinye atire anpil enterè, avèk plizyè milye inisyativ ak demann ki soti toupatou nan eta ak nan peyi a. Nap travay san relach pou chanje enterè sibstansyèl pwogram sa te jenere an plizyè milye nouvo djòb. Anons jodia sou 17 konpayi adisyonèl yo ki te rantre nan pwogram lan demontre kapasite nou pou atire antreprenè yo ak Empire State avèk benefis inik san taks nan START-UP NY.”

START-UP NY te lanse nan 2014 e li ofri biznis ki nouvo ak sa yo kap elaji opòtinite pou fonksyone nan anviwonman ki pa gen taks pou 10 zan nan oswa toupren inivèsite ki kalifye oswa kanpis kolèj yo nan Eta New York.

17 biznis yo ki te anonse jodia pral investi anplis preske \$13.5 milyon an nouvo antrepriz kap kreye travay. Yo pral lokalize nan zòn ki pa gen taks nan Sant Medikal SUNY Downstate, SUNY Cobleskill, Inivèsite Rochester, Inivèsite nan Buffalo, Binghamton University, Finger Lakes Community College ak New York University.

Gwoup konpayi sa yo kap rantre nan STARTUP-NY pote kantite biznis total kap patisipe nan pwogram lan a 110, reprezante angajman pou kreye preske 3,150 nouvo djòb ak envesti plis pase \$186 milyon toupatou nan Eta New York.

Biznis yo pral kreye travay nan yon varyete endistri, enkli tretman done, rechèch ak devlopman nan jeni fizik ak bio-teknoloji, ekipman konstriksyon ak manifakti twal, konsepsyon endistriyèl, preparasyon egzamen ak leson patikilye, lojisyèl ak piblikasyon entènèt, pwogram òdinatè pèsonalize ak bwason atizanal.

Chanselye SUNY Nancy L. Zimpher te deklare, “Biznis yo ki soti toupatou nan peyi a ap kontinye chèche Eta New York ak kanpis SUNY nou yo kòm yon rezilta nan pwogram inovè START-UP NY Gouvènè a. Nan kominote yo nan tout eta, etidyan ak pwofesè nou yo ap jwenn aksè san parèy a mendèv kalifye, opòtinite travay ak rechèch kap non sèlman amelyore edikasyon yo men egalman prepare yo pou kontribye a siskè ekonomik New York nan lavni. Konpliman a chak nan kanpis yo kap akeyi nouvo patnè biznis yo nan kad pi resan ekspansyon START-UP NY.”

Anba wap jwenn detay sou chak nan 17 biznis yo kap rantre nan START-UP NY ak ki kote yap lokalize. Tout nouvo angajman travay ak envestisman se pwojeksyon sou yon peryòd senkan.

### **SUNY Downstate Medical – 100 nouvo djòb**

**ItechUSA, Inc.** se yon nouvo konpayi devlopman ak rechèch pòtab, ki fèt alamen, kay, klinik, EMS, ak sistèm elektwonik lojisyèl entelijan nan anviwonman lopital pou kontwole siy vital nan tan reyèl. Konpayi an pral lokalize nan Enkibatè Bio-teknoloji Downstate nan Brooklyn e li te angaje pou kreye 100 nouvo djòb pandan lap envesti \$1.75 milyon.

### **SUNY Cobleskill – 74 nouvo djòb**

**Echelon Materials, LLC**, enkòpore orijinalman nan Connecticut kòm yon konpayi rechèch ak devlopman, li nouvo nan Eta New York e li pral fabrike pwodui twal wo pèfòmans (TiTek) ki te devlope grasa efò rechèch li. Fabrik la espere pou l genyen gwo aplikasyon nan endistri blendaj balistik. Konpayi an gen entansyon pou komèsyalize, fabrike ak vann TiTek a konpayi yo ki pwodui pwoteksyon blendaj balistik tankou vès, kas pou tèt, elikoptè ak Humvees. Materyèl Echelon pral lokalize nan ansyen etablisman twal Guilford Mills nan Cobleskill pou pran avantaj nan yon mendèv ki gen eksperyans nan endistri twal. Konpayi an pral fè patenarya avèk pwofesè syans ak matematik, jeyson biznis agrikòl SUNY Cobleskill, ak plant ak syans animal pou travay avèk etidyan yo ansanm avèk pwojè yo ki santre sou devlopman pwodui twal ami sofistike. Konpayi an angaje pou kreye 49 nouvo djòb epi envesti yon premye \$5.235 milyon, avèk planifikasyon pou posibelman envesti preske \$28 milyon.

**Royal Meadery** se yon biznis ki egziste deja, ki nan etap fòmasyon ki santre sou pwodiksyon diven myèl, ke yo konnen tankou idwomèl, nan ti kantite. Itilize tout engredyen Eta New York, Royal Meadery pral pwodui ti kantite idwomèl ki fèt alamen pou vann nan magazen diven ak restoran yo nan yon efò pou etabli sou mache a plis pwodiksyon idwomèl. Pwopriyetè biznis sa yo aktyèlman ap fonksyone andeyò rezidans li Capital District e li pral relokalize nan yon depo

manifakti vid nan Richmondville toupre sèvis oksilyè SUNY Cobleskill nan Konte Schoharie. Patenarya avèk SUNY Cobleskill pral gen ladan estaj etidyan yo. Royal Meadery angaje pou l kreye sèt nouvo djòb pandan lap investi \$225,000.

**Blenheim Pharmacal, Inc.** (BPI, Inc.) se yon konpayi kontra ki egziste deja nan Eta New York ki fè anbalaj medikaman sou preskripsyon lejann, antibyotik ak sibstans kontwole an inite boutèy ki itilize ak ti anpoul. Konpayi an bay tou etikèt ak sèvis anbalaj pèsonalize, ansanm avèk anbalaj dòz antibyotik solid ak re-anbalaj nan etablisman separe ki kontwole. BPI, Inc. aktyèlman lokalize nan North Blenheim, NY e li sèvi manifakti famasi ak lopital yo nasyonalman. Konpayi an pral kontinye fonksyone nan etablisman l nan North Blenheim epi elaji operasyon l nan yon bilding ki fèmen aktyèlman, ansyen Maranatha Family Center, nan Richmondville. BPI, Inc. pral fè patenarya avèk SUNY Cobleskill pou kreye estaj pou etidyan yo nan diferan pwogram kolèj epi bay opòtinite travay apre gradyasyon nan konpayi an. Li angaje pou kreye 18 nouvo djòb ak investi \$4.5 milyon dola.

### **University of Rochester – 59 nouvo djòb**

**Temida, LLC** (d/b/a eStork) se yon konpayi lojisyèl ki nan premye etap li kap parèt ki te devlope yon platfòm ki baze sou entènèt pou bay òf chak jou sou ekipman medikal a founisè swen sante yo. Koutye tranzaksyon sal operasyon konpayi an pou lopital yo a pri inite ki pi ba, redwi depans yo anjeneral. Temida se yon diplome nan pwogram High Tech Rochester (HTR) LaunchPad, sa ki bay antreprenè yo devlopman lojisyèl avèk aksè a konsèy HTR, konseye biznis, ak sèvis sipò biznis nan Sant Antrepriz Lennox Technology nan Henrietta, NY. Konpayi an pral lokalize nan enkibatè High Tech Rochester nan lwès Henrietta e li angaje pou kreye 21 nouvo djòb ak investi \$35,000.

**FillShift, LLC** se yon nouvo konpayi devlopman lojisyèl ki fenk kreye kap ofri endistri yo solisyon rekritman inik pou diminye depans travay yo grasa yon aplikasyon ki baze sou entènèt. Pwogram lan ranpli chif travay ki disponib nan yon mendèv travay ki egziste deja oswa patnè ajans yo lè yo matche vrè travayè a avèk vrè konpetans lan nan yon chif travay ki apwopriye. Teknoloji otomatizasyon FillShift itilize yon algoritm pwopriyete ki matche pou kreye yon adisyon efikas ak efektif pwogramasyon oswa lojisyèl pewòl. Konpayi an pral lokalize nan enkibatè High Tech Rochester e li angaje pou kreye sèt nouvo djòb epi investi \$50,000.

**Dogways, Inc.** se yon konpayi lojisyèl kap parèt, ki nan estad prekòs ki te devlope yon aplikasyon mobil ak sou entènèt pou bay mèt chen yo yon fason fasil pou jwenn aktivite pou chen yo grasa a yon kalandriye aktivite pèsonalize chak jou ak aktivite manje. Aplikasyon an pèmèt moun oswa biznis yo pou kreye yon aktivite epi envite tout itilizatè yo (baze sou vil la) oswa jis amitye. Dogways se yon diplome nan pwogram High Tech Rochester (HTR) LaunchPad e konpayi an pral kounye a lokalize nan enkibatè HTR nan lwès Henrietta. Li angaje pou kreye 31 nouvo djòb.

### **University at Buffalo – 39 nouvo djòb**

**Cytocybernetics, Inc.** se yon nouvo konpayi ki gen pwodui prensipal li ki se yon aparèy kap ede amelyore tès depistaj sekirite medikaman yo pou nouvo endistri famasi a. Cytocybernetics

pral lokalize nan Anèks Sherman nan Inivèsite nan Kanpis Buffalo e li angaje pou kreye kat nouvo djòb ak envesti \$41,000.

**Greenwich Geriatrics, LLC** se yon nouvo konpayi ki konsevwa lojisyèl ki sipòte desizyon pou endistri swen sante a itilize zouti ki baze sou evidans ak konsansis ekspè. Lojisyèl la pral ede moun, moun kap bay swen ak pwofesyonèl swen sante yo pou devlope evalyasyon risk, planfiye swen ofisyèl yo, ak fè rekòmandasyon ki apwopriye pou moun ki gen pwoblèm medikal ki konplike. Greenwich Geriatrics pral lokalize nan Sant pou Ekselans nan Inivèsite Buffalo pou Bio-enfòmasyon ak Syans Lavi e li angaje pou kreye 20 nouvo djòb epi envesti \$355,000.

**Geocove, Inc.** se yon konpayi devlopman aplikasyon ak lojisyèl, ki aktyèlman baze nan Florid e lap demenaje pou ale nan Eta New York. Konpayi an kreye zouti sistèm enfòmasyon jeyografik (GIS) e li bay sèvis ki baze sou GIS a plizyè kantite endistri. Pwodui lojisyèl Geocove's flagship, ARM360, pèmèt ajans gouvènman yo pou kolekte enfòmasyon epi jere katastwòf yo pi efikasan. Li pral lokalize nan Baird Research Park nan Amherst, NY, sa ki pral pèmèt aksè pi fasil pou kliyan yo ak opòtinite nan Nòdès la, ansanm avèk kontinye kwasans nan sèvis GIS atravè yon patenarya avèk Depatman Jeyografi nan Buffalo ak Pwogram GIS. Konpayi an angaje pou kreye senk nouvo djòb epi envesti \$60,000.

**Zintera Corp.** se yon konpayi teknoloji, ki aktyèlman baze nan California e lap demenaje ale nan Eta New York. Li se yon pyonye nan byo-enspire ki pèse nan teknoloji mantal. Platfòm teknoloji Zintera itilize apeprè lespri imen biyolojik ki itilize pou bay konsepsyon, jijman ak lide nan yon tèks ki pa striktire, imaj, videyo ak siyal dijital. Konpayi an pouswiv solisyon ak deplwaman nan swen sante, jenomik ak aplikasyon syans lavi. Zintera pral lokalize nan Sant Ekselans nan Bioinformatics nan Inivèsite nan Buffalo e li angaje pou kreye senk nouvo djòb ak envesti \$91,000.

**Natural Energy Systems, Inc. (NES)** se yon Konpayi Kanadyen prive, kap elaji nan Eta New York, sa ki konvèti dechè òganik dirab a yon gaz renouvlab ki degaje konbinyon pwòp itilize yon pwosesis patant fondatè konpayi an te kreye. NES itilize yon pwosesis rediksyon pwopriyete nan faz Gaz (GPR) pou redwi konpozan òganik an metann san li pa pwodui sou-pwodui danjere yo. Gaz ki pwodui a se yon konbinyon renouvlab pwòp ki konpoze prensipalman de metann ak idwojèn e li pare pou itilize nan yon varyete aplikasyon komèsyal, enkli kòm konbinyon pou gaz natirèl machin yo itilize, sistèm chofaj rezidansyèl ak komèsyal ak pwodiksyon elektrisite. NES ap pouswiv kontra nan New York ak Etazini pou bati etablisman GPR pou kliyan yo e li pral fè rechèch sou diferan aplikasyon pou teknoloji GPR annakò avèk espesyalis yo nan Buffalo ansanm avèk lòt kote nan Lwès New York. NES pral lokalize nan Baird Research Park nan Amherst, NY e li angaje pou kreye senk nouvo djòb epi envesti \$50,000.

### **Binghamton University – 39 nouvo djòb j**

**Baceapp Corp.** se yon nouvo biznis IT aktyèlman ki baze nan North Carolina e lap demenaje ale New York. Lap devlope yon platfòm teknoloji pou konekte pwopriyete bilding komèsyal yo ansanm avèk operatè yo pou bay sèvis tankou elektrisyen, plonbye, chapant, elatriye. Teknoloji a toujou nan etap prekòs li nan tès devlopman pwototip itilize kòmmanchè kliyan yo. Konpayi an

pral lokalize nan Bilding Engineering ak Science nan kanpis SUNY Binghamton, pati nan Enkibatè Teknoloji Soutern Tier Hot Spot nan Vestal, NY. Baceapp Corp. angaje pou l kreye 25 nouvo djòb epi envesti \$170,000.

**LightSpin Technologies, Inc.** se yon konpayi rechèch ak devlopman ki egziste deja ki gen katye jeneral li nan Maryland e li te fonde nan 2001 pou devlope ak komèsyalize konpozan wo pèfòmans semi-kondiktè konpoze. Konpayi an pral relokalisè anplwaye rechèch ak devlopman li ki aktyèlman baze nan New Haven, Connecticut nan bilding Jeni ak Syans nan kanpis SUNY Binghamton nan Vestal, NY. Li angaje pou kreye 14 nouvo djòb epi envesti \$370,000.

### **Finger Lakes Community College – 18 nouvo djòb**

**Construction Robotics, LLC** se yon biznis Eta New York ki egziste deja kap elaji ki toujou nan etap fòmasyon pou delvope yon sistèm ki pral posiblerman revolisyone endistri mason nan pote robo ak otomatizasyon nan sit konstriksyon yo. Pwodui konpayi an se yon sistèm Semi-Otomatik Mason (SAM) e li fèt pou travay avèk mason yo, ede nan leve epi plase briq yo. Pwodui inik teknoloji konstriksyon robo itilize ki pral fè patenarya avèk Pwogram teknoloji kontwòl ak Enstrimantasyon Finger Lakes Community College. Konpayi an pral lokalize nan yon etablisman izin ki vid nan Victor, NY. Li deja anplwaye plizyè ansyen etidyan FLCC e li pral ofri etidyan aktyèl li yo estaj. Construction Robotics angaje pou kreye uit nouvo djòb epi envesti \$325,000.

**Idea Boxx, LLC** se yon biznis teknoloji ak rechèch ki egziste deja ak ajan ekskliziv pou mak ProNatural, yon nouvo liy pwopriyete ki fòmile ak pwodui ki aksesib a anvivonman pou netwayaj, sanitasyon ak dezenfektan, prensipalman pou sèvis manje ak endistri swen sante. Konpayi an aktyèlman santre sou devlope aparèy livrezon inik ki travay avèk liy pwodui mak ProNatural e li pral kounye a fè patenarya avèk Pwogram Kontwòl Teknoloji Enstrimantasyon Finger Lakes Community College pou ofri yon pwogram estaj pou etidyan yo jwenn aprantisaj pratik ak aplikasyon konpetans yo. Idea Boxx pral relokalisè operasyon egzistan yo nan yon etablisman manifakti vid ki nan Victor, NY toupre kanpis FLCC. Li angaje pou kreye 10 nouvo djòb epi envesti \$140,000.

### **New York University (NYU) – 14 nouvo djòb**

**Board Vitals, Inc.** se yon konpayi Eta New York ki egziste deja kap devlope yon sistèm machin aprantisaj kap kondwi tès adaptasyon enfòmatisè (CAT) pou imite egzamen avanse avèk analiz statistik apwopriye ak devlopman lojisyèl. Aprantisaj otomatik se yon branch entelijans atifisyèl, sa ki gen ladan konsepsyon ak konstriksyon aplikasyon òdinatè oswa sistèm yo ki anmezi pou aprann baze sou antre ak soti done yo. Konpayi an pral avanse sistèm tès pilòt li nan entegrasyon konplè avèk inivèsite yo, bibliyotèk syans sante, ak enfimyè, sistèm lekòl dantè ak medikal. Board Vitals, Inc. pral lokalize nan enkibatè Varick Street nan vil New York, yon enkibatè sètifye Eta New York ki afilye avèk New York University. Li angaje pou kreye 14 nouvo djòb epi envesti \$82,000.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418